



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO FÈ KADO 11.5 MILYON DOLA BAY MINISIPALITE NAN MOHAWK VALLEY NAN 5YÈM TOU INISYATIV RETABLI KOMINOTE NEW YORK YO**

*Gen sis pwojè ki resevwa finansman pou retire delabreman epi revitalize katye yo epi konsa jenere opòtinite ekonomik*

*Yo fè kado prèske 81 milyon dola bay 71 pwojè nan tout eta*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo fè kado 11.5 milyon dola bay sis minisipalite nan Mohawk Valley nan kad 5yèm Tou Inisyativ Retabli Kominote New York yo (Restore New York Communities Initiative). Restore New York ap soutni jefò revitalizasyon minisipal yo gras a finansman pou pwojè ki pral remonte anbalavil yo epi jenere nouvo opòtinite ekonomik nan kominote yo soti depi nan Rejyon Lwès New York pou rive nan Long Island. Yo te fè kado prèske 81 milyon dola bay 71 minisipalite nan tout eta a.

“Kominote anbalavil yo esansyèl pou ekonomi nou yo kontinye ap pwospere epi pou atire biznis ak fanmi pou yo vin plante rasin yo nan New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ Retabli Kominote New York yo rekonèt kominote ki plen potansyèl yo epi li envesti nan transfòmasyon yo ak nan avni yo, pou fè yo vin katye Nouyòkè yo fyè rele lakay.”

“Lè m ap vwayaje nan Eta a, mwen wè anpil bilding nan kominote yo ki gen gran posibilite pou yo retabli avèk cham to te abitye genyen an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk finansman Restore New York sa a, nou pran angajman garanti lokalite nou yo gen resous yo bezwen yo pou pouswiv nouvo pwojè konstriksyon epi transfòme pwopriyete ki abandone yo. Inisyativ Restore New York la kontinye ap travay avèk lidè ak pati enterese lokal yo pou libere tout potansyèl opòtinite devlopman ekonomik yo toupatou nan Eta a.”

5yèm Faz Inisyativ Retabli Kominote New York yo te pwomilge nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2017 la, epi yo te deziyen Empire State Development pou mete pwogram nan sou pye. Vil yo, komin yo ak vilaj yo tout te kalifye pou aplike pou sipò pou pwojè yo ki enkli demolisyon, dekonstwiksyon, reyamenajman, oswa rekonstwiksyon pwopriyete ki an sipli, ki vakan, ki abandone epi ki kondane yo. Yo te mete aksan sou pwojè ki nan kominote ki an difikilte ekonomik epi ankouraje pwojè sa yo.

**Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Restore New York mete tèt ansanm avèk minisipalite yo pou soutni pwojè ki kapab transfòme katye ak anbalavil toupatou nan eta a. Gras a soutyen nou, vil yo ap kraze bilding delabre vid yo epi reyabilite estrikti demode yo pou ede revitalize kominote yo epi jenere nouvo opòtinite ekonomik”.

### **Pwojè yo nan Mohawk Valley**

- **Vilaj Canajoharie** - 6,000,000 dola - Se sèl pwojè nan Eta New York ki resevwa deziyasyon “pwojè espesyal”, epi sibvansyon sa a pral pèmèt demolisyon espas depo ki abandone ak kondane nan ansyen lokal Beech-Nut la, ki chita sou 10.5 ekta teren, epi kreye yon chantye 6 ekta ki pare pou kout pèl.
- **Vil Utica** - 2,000,000 dola - Rediksyon amyant, ansanm avèk ranplasman twati ak revètman eksteryè nan ansyen lokal GE a nan 1900 Blecker Street.
- **Vil Johnstown** - 1,000,000 dola - Renovasyon, ki gen ladan yo yon nouvo twati, enstalasyon elektrik, fenèt, sistèm chofaj ak lè kondisyone ak finisyon enteryè, nan ansyen Diana Knitting Mill a, ki kanpe vid depi 17 lane. Plan yo gen ladan yo kreyasyon yon lokal pou itilizasyon miltip.
- **Vil Rome** - 1,000,000 dola - Dekontaminasyon ak demolisyon ansyen izin fabrikasyon Kab la (Rome Cable) anbalavil Rome. Pwojè sa a pral pote yon sit konstriksyon 16 ekta pwòp pou investisman nan lavni.
- **Vil Gloversville** - 750,000 dola - Renovasyon nan ansyen bilding City National la, pou fè li vin apwopriye pou biznis ak apatman nan lavni, epitou pou ankouraje kwasans anplwa anbalavil Gloversville.
- **Vil Oneonta** - 750,000 dola - Retablisman vye bilding Stevens Hardware la sou Main Street nan kè anbalavil Oneonta. Yo pral rebati bilding nan epi li pral sèvi yon fwa ankò kòm yon kontribitè aktif nan Distrik Istorik Komèsyal Anbalavil Oneonta a (Oneonta Downtown Commercial Historic District).

Ou ka jwenn yon lis konplè pwojè [isit la](#).

**Senatè Joe Griffo te deklare,** “Mwen kontan dèske m te soutni epi defann pwojè pou kominote lokal yo te soumèt pou finansman nan kad pwogram Restore NY la, ki ede modènize ak revitalize minisipalite lokal yo pou yon kantite lane. Finansman sa a pral ede elimine deteryorasyon, reyabilite katye ak ansyen sit endistriyèl epi li pral ankouraje kwasans fiti nan kominote yo nan Mohawk Valley ak nan North Country, epitou nan tout eta a”.

**Senatè James Seward te deklare,** “Kominote lokal nou yo ap pran mezi enpòtan pou rebati bilding istorik yo, modènize distrik anbalavil yo, epi ogmante kwasans ekonomik la. Dènye tou sa a nan sibvansyon Restore New York yo pral ankouraje efò kontinyèl sa yo. Pwojè sa yo k ap resevwa finansman nan distrik sena mwen an nan Cortland, Homer, Sherburne, ak Oneonta enpòtan pou tèt pa yo, men yo pral atire plis investisman ak devlopman tou ki pral mennen reyisit dirab”.

**Manm Asanble Anthony Brindisi te deklare,** “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li nan ede lidè yo ak rezidan yo nan kominote yo nan Mohawk Valley kontinye rebati epi devlope ekonomi yo. Rejyon nou an ap vanse, epi avèk RESTORE NY tout moun se gayan, poutèt li ba nou zouti yo pou kreye nouvo djòb, epi netwaye zòn delabre biznis yo pral itilize talè”.

**Manm Asanble Bill Magee te deklare,** “Investisman sa yo pral ede soulaje mank lojman bon mache san danje nan zòn lavil nou yo nan nò Eta New York la tankou Oneida ak Oneonta. Renovasyon ak transfòmasyon peyizaj lari vil la ap siman pouse plis magazen ak biznis, epi konsa ede amelyore komès la pou zòn anbalavil sa yo kapab vanse epi pwospere”.

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** “Inisyativ Restore New York la kontinye ap soutni efò kontinyèl nou yo pou mennen devlopman kominote yo ak revitalizasyon katye yo. Isit la nan Mohawk Valley, mwen konnen nou gen kolaboratè solid ki angaje nan kwasans entelijan. Idantifikasyon pwopriyete ki vid ak abandone, epi transfòmasyon yo an atou ki re-envesti nan kominote nan nò Eta New York la gen yon enpòtans esansyèl pou reyisit nou”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)